

Kisa k ap pase nan lekò leta NYC

/ এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন / اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية /
 查看本文件的中文版 / Consultez ce document en français / Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen /
 이 문서를 한국어로 보기 / Consulte este documento en español /
 / Перевод документа на русский язык / به دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں /
schools.nyc.gov/messagesforfamilies

3 avril 2023

Mizajou pou fanmi sa a bay enfòmasyon enpòtan sou opòtinite aprantisaj ak ranfòsman pandan ete 2023 a, ak sou kòman pou fè kòmantè enpòtan sou lekòl pitit ou a lè w ranpli Sondaj lekòl NYC a avan 20 avril.

Kontni:

- **Summer Rising 2023: Kindergarten jiska klas 8yèm ane**
 - Apèsi sou Summer Rising
 - Fason pou aplike
 - Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) ak Plan 504
- **Yo pwolonje delè pou Sondaj Lekòl Vil Nouyòk la**

Summer Rising 2023: Kindergarten jiska klas 8yèm ane

Apèsi sou Summer Rising

Summer Rising se yon patenarya ant Depatman edikasyon Vil Nouyòk (DOE) ak Depatman jèn ak devlopman kominotè (DYCD) ki pral konekte elèv lekòl primè ak elèv lekòl presegondè avèk eksperyans pratik ki amizan ak apwopriye sou plan kiltirèl ki ranfòse ladrès akademik, sosyal, ak emosyonèl yo. Nan pwogram lan ap genyen aktivite akademik estaf DOE ap dirije ak aktivite ranfòsman òganizasyon kominotè (CBO) DYCD ap dirije.

Summer Rising fèt **gratis** epi li ouvri pou nenpòt elèv Vil Nouyòk ki kounye a nan klas kindergarten jiska 8yèm ane. Fanmi ka aplike nan nyc.gov/SummerRising ant 17 avril ak 1ye me. Pwosesis admisyon an ane sa a pral bay priyorite pou elèv ki oblije ale lekòl pandan ete a pou rezon akademik, elèv ki nan Lojman Tanporè ak elèv ki nan Foster Care, elèv ki nan pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) 12 mwa, ak elèv ki gen yon koneksyon lokal avèk pwogram CBO a, oswa avèk kominote lekòl la pou ane lekòl la.

Pwogram lan pral kòmanse **5 jiyè**, epi l ap fonksyone **lendi jiska vandredi**, soti **8:00 a.m. rive 6:00 p.m.** pandan mwa jiyè ak out la. Y ap bay elèv manje maten, manje midi ak yon ti snak gratis. Summer Rising ap dire sis semèn pou tout elèv, avèk yon setyèm semèn ranfòsman pou elèv klas K-5. Jwenn plis enfòmasyon nan nyc.gov/SummerRising.

Fason pou aplike

Apati **17 avril**, ou ka voye yon aplikasyon Summer Rising pou enskri pitit ou a nan nyc.gov/SummerRising. Aplikasyon an pral mande nimewo idantite elèv ou a ki gen 9 chif la, ou ka jwenn li nan lekòl ou a si ou pa konnen li.

Fanmi ka mete jiska 12 opsyon pwogram sou lis nan aplikasyon yo, epi yo ta dwe klase otan pwogram posib pou ogmante chans pou yo mete yo nan yon pwogram yo chwazi. Yo ka chwazi nenpòt pwogram oswa opsyon lokal pou ete a ki parèt nan pòtal aplikasyon an.

Kontrèman avèk ane pase, se pa moun ki enskri avan k ap jwenn plas avan nan pwosesis sa a. Fanmi ka aplike nenpòt lè pandan peryòd aplikasyon an (17 avril rive 1ye me). Anviwon yon semèn apre dènye delè pou voye aplikasyon an ale a, fanmi ap resevwa yon imèl pou konfime yo mete yo nan yon pwogram Summer Rising, ann atandan disponiblite yon plas.

Si w gen kesyon oswa ou si w bezwen sipò avèk aplikasyon an, kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a oswa voye yon imel nan summer@schools.nyc.gov.

Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) ak Plan 504

Pwogram ane lekòl pwolonje /12 mwa (ESY) Elèv k ap patisipe nan klas espesyal 12 mwa / ane lekòl pwolonje (ESY) oswa pwogram ASD Nest oswa Horizon pral resevwa pwogram ak sèvis yo rekòmande nan IEP yo nan yon lokal Pwogram ane lekòl pwolonje (ESY), Distri 75 oswa ASD Summer Program. Fanmi ki vle patisipe nan pwogram IEP ak nan pwogram ranfòsman jounen pwolonje CBO atravè Summer Rising (ki fonksyone jiska 6 p.m.), dwe itilize pòtal aplikasyon an.

Fanmi sa yo pral gen priyorite pou jwenn plas nan Summer Rising epi yo pral chwazi pwogram CBO a/yo ki fonksyone an koneksyon avèk pwogram IEP yo.

Si yon fanmi pa vle pwogram ranfòsman jounen pwolonje pou pitit li, epi pitit li a ap patisipe sèlman nan pwogram ASD (jiska 12 p.m.) oswa pwogram D75/ESY (jiska 2:30 p.m.), fanmi an ta dwe kontakte lekòl pitit li a olye pou yo itilize pòtal aplikasyon an.

Akomodasyon: Elèv ki bezwen sipò, tankou yon parapwofesyonèl oswa enfimyè, pou patisipe nan Summer Rising ap resevwa yo selon bezwen endividyèl yo.

[Yo pwolonje delè pou Sondaj Lekòl Vil Nouyòk](#)

Si w poko fini Sondaj lekòl NYC w la, kounye a ou gen jiska **20 avril** pou fè sa! Jis ale nan NYCSchoolSurvey.org oswa konekte nan kont lekòl NYC (NYCSA) w la nan schoolsaccount.nyc pou voye kòmantè ak ede lidè lekòl fè lekòl pitit ou a yon pi bon kote pou aprann.